



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON POU AMELYORE SEKIRITE AK MOBILITE SOU OTOWOUT STATEN ISLAND LAN

Nouvo liy oksilyè kontinyèl la pral diminye konjesyon sou otowout la ak lari lokal yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo deja kòmanse konstriksyon sou pwojè a pou amelyore sekirite ak diminye konjesyon sou yon pòsyon nan direksyon lwès Otowout Staten Island (Staten Island Expressway) (I-278) nan Staten Island. Pwogram pou fini nan sezon prentan 2021 an, pwojè a pral konekte ranp antre ak ranp sòti yo ant ranp antre nan direksyon nò Otowout Dr Martin Luther King Jr. a ak ranp sòti South Avenue an, sa k'ap kreye yon liy (vwa) oksilyè kontinyèl ki pral pwolonje pou plis pase 0.8 kilomèt epi bay otomobilis yo yon distans ki pi long pou rantre ak soti sou otowout la.

"Kòm plis moun retounen sou wout nou yo chaj jou pi plis, li enpòtan anpil pou nou kontinye amelyore enfrastrikti pou amelyore sekirite pou otomobilis yo epi redwi konjesyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a pral ofri yon otowout ki pi bon pou otomobilis yo ak amelyore lari lokal yo pou rezidan Staten Island yo, amelyore rezo transpò New York la pou pi byen satisfè demand aktyèl ak alavni yo."

Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap kontinye fè investisman enpòtan nan enfrastrikti nou an ki pral kreye yon rezo transpò ki pi efikas. Pwojè sa a ki nesèsè anpil la pral ede diminye konjesyon sou Otowout Staten Island lan ak wout lokal adjasan yo, sa k'ap benefisye dè milye otomobilis ki itilize wout sa yo chak jou".

Nouvo liy oksilyè a pral pèmèt otomobilis k'ap antre nan direksyon nò oswa direksyon sid Otowout Dr Martin Luther King yo jwenn aksè ak Richmond Avenue (Sòti 7) oswa South Avenue (Sòti 6) san yo pa moute sou Otowout Staten Island lan. Li pral bay aksè ki pi fasil tou soti nan Victory Boulevard rive Richmond Avenue ak South Avenue atravè Otowout Dr Martin Luther King lan, sa k'ap ede diminye sikilayons nan lari lokal yo.

Yo dwe fèmelyorasyon adisyonèl kòm yon pati nan 3.3 milyon dola a enkli de nouvo estrikti pano siyalizasyon ayeryen, nouvo ray gidaj ak ekleraj dyòd (LED). Otowout

Staten Island ki nan direksyon lwès la anndan limit pwojè yo pral konprese ak kouvri li avèk nouvo makaj chose yo enstale.

Manm Kongrè Max Rose te di, "Pa gen okenn mank ke blokis sou otowout Staten Island otou Richmond Avenue ap ravaje nou depi anpil ane. Aprè pwogrè nou deja wè depi lè Gouvènè a te ajoute yon liy oksilyè similè sou West Shore a, mwen konfyan ke konbinezon nouvo liy sa a sou SIE a —ansanm ak de milye kamyon ki soti an deyò eta k'ap vini sou wout la chak jou gras a peyaj pataje—pral yon lòt gwo etap an avan nan mete fen nan kochma trajè nou an".

Senatè Andrew Lanza te deklare, "Ogmantasyon nouvo liy oksilyè a sou Otowout Staten Island lan pral amelyore fliks sikilasyon an otou koridò sa a. Mwen felisite NYS DOT paske y'ap kontinye chache amelyorasyon sou otowout nou yo. Kòm nou deja wè ak liy oto oksilyè similè yo, tankou sou Otowout Westshore a, yon amelyorasyon wout ki relativman piti men ki byen planifye ka gen yon enpak pozitif sou fliks sikilasyon an jeneral. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo ak Komisè DOT la Dominguez pou jwenn opòtinite amelyorasyon adisyonèl sou otowout Staten Island yo".

Senatè Diane Savino te deklare, "Nenpòt bagay ki pral soulaje trafik se yon pwojè ki nesesè anpil e ki byen akeyi nan Staten Island. Ajoute yon liy oksilyè pa pral sèlman diminye konjesyon sou otowout la, li pral ede debarase wout lokal nou yo tou. Mizajou nan enfrastrikti Staten Island lan te nesesè anpil e mwen apresye investisman Gouvènè Cuomo nan pwojè sa a".

Manm Asanble Charles D. Fall te deklare, "Anons konstriksyon liy oksilyè nan pòsyon direksyon lwès otowout la se yon nouvèl ki ankourajan. Kòm rezidan yo ap retounen nan travay tou piti epi jèn yo ap tounen lekòl, pwojè sa a pral ede soulaje sikilasyonak konjesyon pou otomobilis yo ak pasaje yo. Li esansyèl pou nou kenbe lòt pwojè tankou pwopozisyon Dwa Pasaj Northshore la ki date depi dizan sou rada tout moun pou pote transpò ki plis aksesib, abòdab epi san danje nan Staten Island lan".

Manm Konsèy la Steven Matteo te deklare, "Liy oksilyè sa a pral bay yon priz ki nesesè anpil pou yon zòn Otowout Staten Island lan ki souvan fè eksperyans gwo blokis ki chaje rakou ak sikilasyon ki debòde sou avni Richmond ak South yo. Mwen fè lwanj pou DOT Eta a pou efò li fè pou adrese pwoblèm sikilasyon Staten Island lan, e mwen espere sensèman ke Komisè Dominguez pral travay avèk mwen tou pou pwolonje liy HOV nan direksyon lwès la sou Otowout la rive nan Pon Goethals (Goethals Bridge), ke mwen kwè ki pral founi yon solisyon sikilasyon ki pi konplè menm".

Manm Konsèy la Debi Rose te deklare, "Twonson sa a nan Otowout Staten Island lan souvan fè fas ak ralantisman sikilasyon, ak machin k'ap chanje liy yo pou rantre ak soti sou otowout la. Nouvo liy oksilyè sa a pral fè pòsyon sa a nan otowout lagen mwens estrès pou pasaje yo -- epi sa ki pi enpòtan, li pral fè otowout la pi an sekirite.

Sa a se yon bon nouvèl ki soti kote gouvènè a pou tout moun ki itilize Otowout Staten Island lan."

Prezidan Awondisman Staten Island Oddo te deklare, "Pou moun ki abite Staten Island ki gen yon trajè kontrèman ak nenpòt kote lòt nan peyi a, amelyorasyon sa yo nan Otowout Staten Island lan se nouvèl yo byen akeyi. Ogmantasyon liy oksilyè sa a pou soulaje blokis ki chaje rakou a pral pèmèt rezidan yo jwenn tan presye alepòk yo. Nou espere ke envestisman sa a se twòkèt la chay la dèyè, evantyèlman k'ap mennen nan finisman liy HOV a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU